

Patient Education

COVID-19 Vaccine (Adenovirus Vector)

You must carefully read the "Consumer Information Use and Disclaimer" below in order to understand and correctly use this information

Pwononsyasyon

(KO vid nine teen vak SEEN ad e noh VYE rus vek tor)

Mak: Etazini

Janssen COVID-19 Vaccine

Mak: Kanada

AstraZeneca COVID-19 Vaccine [DSC]; Covishield [DSC]; Janssen COVID-19 Vaccine; Vaxzevria

Pou ki bagay yo itilize medikaman sa a?

- Yo sèvi avè l pou evite COVID-19.

Ki sa mwen bezwen di doktè mwen ANVAN mwen pran medikaman sa a?

- Si medikaman sa a, nenpòt pati nan medikaman sa a (sa gen ladan l polisòbat 80) oswa lòt medikaman, manje oswa sibstans (sa gen ladan l poliyetilèn glikòl) ba w alèji. Pale ak doktè w sou alèji a ak sou sentòm ou te sibi yo.
- Si w gen COVID-19, si w gen nenpòt sentòm ki ka soti nan COVID-19 la, si w ap tann pou resevwa rezilta nan yon tès COVID-19, oubyen si w te gen COVID-19 sa pa gen lontan.
- Si w gen yon maladi ki mache avèk lafyèv.
- Si w gen pwoblèm senyen.
- Si w te janm gen yon pwoblèm sante ak boul san ak nivo plakèt ki ba nan san an (twonbòz ak sendwòm twonbositopeni oswa TTS). Sa gen ladan l twonbositopeni eparin lakòz (HIT).
- Si w te janm gen yon pwoblèm sante yo rele sendwòm fuit kapilè.
- Si w te janm gen yon pwoblèm sante yo rele sendwòm enflamatwa miltisistemik (MIS).
- Si w ap pran aspirin oswa yon anti-kowagilan.
- Si w te pran yon lòt vaksen pou COVID-19 la.
- Si w te ekspoze ak yon moun ki gen COVID-19 la nan 14 jou ki sot pase yo.

- Sa pa yon lis tout medikaman ak tout pwoblèm sante ki gen move reyaksyon avèk medikaman sa a.
- Fè doktè w ak famasyen w konnen tout medikaman w ap pran yo (medikaman sou preskripsyon ak medikaman san preskripsyon, pwodui natirèl, vitamin) ak tout pwoblèm sante ou genyen yo. Ou dwe pale avè l pou w tcheke si pa gen danje pou w pran medikaman sa yo avèk tout medikaman w ap pran ak tout pwoblèm sante ou genyen. Pa kòmanse, kanpe ni chanje dòz nenpòt medikaman w ap pran san w pa pale sa avèk doktè a.

Ki bagay mwen sipoze konnen oswa fè pandan m ap pran medikaman sa a?

- Fè tout pwofesyonèl swen w yo konnen w ap pran medikaman sa a. Sa gen ladan l tout doktè, enfimyè, famasyen ak dantis ki konn trete w.
- Vaksen sa a pa kapab lakòz COVID-19.
- Gen kèk pwodui yo bay ak 1 dòz, epi gen lòt yo bay ak 2 dòz. Gen kèk moun ki ka gen posiblite pran yon dòz boustè tou. Chèche konnen si w sipoze retounen pou pran lòt dòz ak ki lè ou sipoze fè sa. Mande doktè w oswa famasyen w si w pa fin konnen.
- Pa gen moun ki konnen pou konbyen tan moun ki pran vaksen sa a ap pwoteje kont COVID-19 la.
- Menm jan ak tout vaksen yo, vaksen sa a ka pa pwoteje tout moun ki vaksine yo nèt. Poze doktè a nenpòt kesyon ou genyen.
- Si w sibi kèk efè segondè apre yon dòz, asetaminofèn oswa yon medikaman anti-enflamatwa ki pa gen estewoyid (NSAID) tankou ibipwofèn oswa napwoksèn ka ede w.
- Apre ou pran vaksen an, kontinye fè tout sa ki nesèsè pou evite gaye COVID-19 la jan ofisyèl sante piblik lokal yo rekòmande sa. Kèk nan aktivite sa yo se lave men w souvan, mete yon kachnen, rete sou yon distans omwen 6 pye avèk lòt moun, epi evite foul moun.
- Si ou gen yon sistèm defans ki fèb oswa si ou pran medikaman ki fè sistèm defans ou vin fèb, pale avèk doktè ou. Vaksen sa a ka pa gen menm efikasite.
- Moun ki te pran vaksen sa a anvan oswa pandan yon transplantasyon selil souch oswa pandan yon terapi reseptè antijèn chimerik [CAR]-T ka bezwen pran yon lòt vaksen. Si w te swiv oswa si w gen pou w swiv youn nan tretman sa yo, pale sa ak doktè w.
- Raman, gen kèk ka paralize Bell ki te rive pandan kèk etid. Yo pa konnen si se vaksen sa a ki lakòz sa. Fè doktè w konnen si w te janm gen paralize Bell. Rele doktè w tousuit si w gen sentòm tankou mis ki fèb oswa mis ki tonbe sou yon bò figi w.
- Raman, sa rive pou moun ki te resevwa vaksen sa a vin gen yon pwoblèm sistèm nève ki rele sendwòm Guillain-Barre. Leplisouvan, sentòm yo te kòmanse sou 42 jou apre yo te pran vaksen an. Yo te remake se gason ki gen ant 50 ak 64 lane ki gen plis chans pou gen pwoblèm sa a. Rele doktè w tousuit si w gen feblès, pikotman, difikilte pou mache, difikilte pou fè mouvman ak figi w (tankou pale, moulen oswa vale), wè doub, pa kapab fè mouvman ak je w, oswa difikilte pou kontwole pipi oswa poupou.

- Raman, sa rive pou medikaman sa a lakòz yon pwoblèm ki grav e pafwa ki mòtèl yo rele sendwòm fuit kapilè (capillary leak syndrome, CLS). Sendwòm fuit kapilè a ka lakòz ipotansyon, batman kè ki pa nòmal, doulè nan pwatrin oswa kriz kadyak. Epitou, li ka lakòz pwoblèm poumon oswa pwoblèm respirasyon, senyen oswa move sikilasyon san nan lestomak oswa nan entesten, pwoblèm ren, anfleman oubyen twoublay. Poze doktè a nenpòt kesyon ou genyen.
- Si w ansent, si w gen lide fè pitit oswa si w ap bay timoun tete, fè doktè w konn sa. W ap gen pou pale sou avantaj ak danje ki genyen pou ou ak bebe a.

Se ki efè segondè ki ta dwe pouse mwen rele doktè mwen tousuit?

- **AVÈTISMAN/PREKOSYON:** Menmsi li ka ra, kèk moun ka gen efè segondè ki grav anpil epi pafwa ki lakòz yo mouri lè yo pran yon medikaman. Fè doktè ou konnen oswa chèche èd medikal touswit si ou gen nenpòt nan siy oswa sentòm sa yo ki ka asosye avèk yon efè segondè ki grav anpil:
 - Sentòm yon reyaksyon alèjik, tankou tach; itikè; gratèl; po wouj, anfle, ak zanpoud ki leve oswa k ap dekale avèk oubyen san lafyèv; souf anlè; pwatrin oswa gòj sere; difikilte pou respire, pou vale oswa pou pale; vwa anwe ki pa nòmal; oubyen bouch, figi, po bouch, lang oswa gòj ki anfle.
 - Batman kè ki rapid, toudisman, endispozisyon, feblès, anfleman nan bra oswa nan janm, oubyen gwosi bridsoukou. Sentòm sa yo se ka lòt sentòm yon reyaksyon alèjik grav oswa yon lòt kalite reyaksyon.
 - Yon sansasyon boule, agoudisman oubyen pikotman ki pa nòmal.
 - Zòrèy k ap sonnen.
- Raman, sa rive pou kèk moun ki te pran vaksen sa a vin gen yon pwoblèm nivo plakèt ki ba yo rele twonbositopeni imin (IPT). Leplisouvan, se yon bagay ki te rive sou 42 jou apre vaksen an. Si w te janm gen ITP, pale sa ak doktè w. Rele doktè w tousuit si w gen yon blese oswa yon senyen san w pa konn poukisa.
- Raman, sa rive pou moun ki te pran vaksen sa a vin gen boul san ak yon kantite plakèt ki desann (pafwa ak senyen). Leplisouvan, se fi ki gen ant 30 ak 49 lane ki vin gen pwoblèm sa a. Leplisouvan, sentòm yo kòmanse parèt sou 1 a 2 semèn apre pasyan an pran vaksen an. Gen kèk moun ki te mouri akòz pwoblèm sa a. Boul san sa yo te parèt diferan kote, tankou nan sèvi, nan lestomak ak nan janm. Rele doktè w tousuit si w gen nenpòt nan sentòm sa yo: Mak kou oswa ti tach san ki pa nan zòn enjeksyon an, gwo tèt fè mal, tèt fè mal san rete, doulè nan lestomak san rete, janm ki anfle oswa doulè nan janm, doulè nan pwatrin, souf kout, wè twoub, kriz malkadi oswa twoublay.

Ki lòt efè segondè medikaman sa a genyen?

- Tout medikaman ka lakòz efè segondè. Men, anpil moun pa gen efè segondè oswa yo sèlman gen ti efè segondè. Rele doktè ou oswa chèche èd medikal si ou gen nenpòt nan efè segondè sa yo oswa si nenpòt lòt efè segondè ap nwi ou oswa pa ale:
 - Doulè, woujè oswa anfleman kote enjeksyon an te antre a; tèt fè mal; doulè nan mis oswa nan atikilasyon; lafyèv ki nan 100,4°F (38°C) oswa plis; frison; lestomak deranje, vomisman oswa

dyare; glann ki anfle oswa ki sansib; oswa sansasyon fatigue oswa malad. Pifò efè segondè yo lejè. Leplisouvan, se sou 1 oswa 2 jou apre enjeksyon an sentòm yo disparèt.

- Sa yo pa tout efè segondè ki ka genyen. Depi ou ta gen kesyon sou efè segondè, rele doktè a. Rele doktè a pou li ba w konsèy medikal sou efè segondè yo.
- Ou ka fè rapò sou efè segondè yo ba ajans sante nasyonal ou.
- Rapòte efè segondè yo nan Sistèm Rapò Evènman Endezirab sou Vaksen (VAERS) FDA/CDC sou sitwèb <https://vaers.hhs.gov/reportevent.html> oswa rele nimewo 1-800-822-7967 pou fè sa. Epitou, gen yon zouti ou ka itilize sou smatfòn ou ki rele V-safe. Ou ka sèvi avè l pou suiv eta sante w e pou rapòte efè segondè ou sibi yo. W ap jwenn li sou <https://vsafe.cdc.gov>. Si w bezwen èd ak V-safe, rele 1-800-232-4636.

Se ki pi bon fason pou pran medikaman sa a?

- Itilize medikaman sa a jan doktè a preskri w li. Li tout enfòmasyon yo ba w yo. Swiv tout enstriksyon yo ak anpil atansyon.
- Yo bay medikaman sa a kòm piki nan mis yo.
- Yo pral siveye w ak anpil atansyon pandan w ap pran medikaman sa a e pandan kèk tan apre w fin pran dòz ou a. Pale sa ak doktè w.

Ki sa pou m fè si m manke pran yon dòz?

- Rele doktè w pou konnen sa pou w fè. Pou jwenn plis pwoteksyon kont COVID-19 la, li enpòtan pou ou pa manke ni rate okenn nan dòz yo.

Ki jan pou m sere ak/oswa jete medikaman sa a?

- W ap pran piki a nan yon sant medikal. Ou p ap estoke li lakay ou.

Enfòmasyon jeneral sou medikaman an

- Depi sentòm ak pwoblèm sante ou yo pa refè oubyen yo vin pi mal, rele doktè a.
- Pa bay lòt moun medikaman yo preskri w epi pa pran medikaman yo preskri lòt moun.
- Ranje tout medikaman yo yon kote ki pa gen danje. Mete tout medikaman yo yon kote timoun ak ti bèt kay pa ka pran yo.
- Jete nenpòt medikaman ou pa t itilize oswa ki ekspire. Pa floche l nan twalèt la ni lage l nan lavabo a, sof si yo di w fè sa. Konsilte famasyen w lan si w gen kesyon sou pi bon fason pou w jete medikaman sa a. Ka gen pwogram pou remèt medikaman w yo nan zòn kote w rete a.
- Kèk medikaman ka gen yon lòt depliyon ki bay enfòmasyon pou pasyan yo. Depi w gen nenpòt kesyon sou medikaman sa a, tanpri pale sa avèk doktè a, enfimiyè a, famasyen an oubyen lòt founisè swen medikal.
- Si ou panse te gen yon òvèdòz, rele sant kontwòl pwazon oswa chèche swen medikal touswit. Prepare ou pou di oswa pou montre medikaman ou te pran an, dòz ou te pran, epi lè sa te rive.

Itilizasyon enfòmasyon konsomatè yo ak avi legal: Dokiman jeneral sa a se yon ti rezime sou dyagnostik, tretman ak/oswa medikaman. Li pa bay tout enfòmasyon ki nesèsè yo. Kidonk, ou pa ta dwe sèvi avè l kòm yon zouti pou ede itilizatè a konprann ak/oswa evalye diferan dyagnostik ak tretman ki posib yo. Li PA bay tout enfòmasyon ki nesèsè yo sou pwoblèm sante, tretman, medikaman, efè segondè oswa risk ki gendwa aplike pou yon pasyan an patikilye. Li pa sipoze bay konsèy medikal ni li pa la pou ranplase konsèy medikal, dyagnostik oswa tretman yon pwofesyonèl sante bay apre li egzamine pasyan an e apre li evalye sitiyasyon espesifik li a. Pasyan yo dwe pale ak yon pwofesyonèl sante pou jwenn tout enfòmasyon yo bezwen yo sou sante yo, pou jwenn repons pou kesyon medikal yo, pou aprann ki tretman ki disponib yo e pou konnen ki risk ak avantaj ki mache ak medikaman yo. Enfòmasyon sa yo pa fè pwomosyon pou okenn tretman oswa medikaman kòm tretman oswa medikaman ki bon, ki efikas oswa ki apwouve pou trete yon pasyan an patikilye. UpToDate, Inc. ak konpayi ki afilye avè l yo pa bay okenn garanti ni yo pa aksepte okenn responsablite konsènan enfòmasyon sa yo ak fason moun yo itilize yo. Tout moun ki itilize enfòmasyon sa yo dwe respekte kondisyon itilizasyon yo, ki disponib sou <https://www.wolterskluwer.com/en/know/clinical-effectiveness-terms>.

Last Updated 6/8/22



© 2022 UpToDate, Inc. and its affiliates and/or licensors. All rights reserved.